Пролетару дуней псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

ЧЕРКЕС ПЩЫЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрылсэухэм я депутатхэм я Облсоветым, горкомым я органэщ

№ 74 (2901) | Гъубж, июным и 27-м 1944 гъ. | И уас. кI. 20

Хьэбэз МТС-мрэ Кировскэ МТСм-рэ

Махуэ блэкIахэм Хьэбэз МТС-м и трактористхэмрэ комбайнерхэмрэ я зэIущIэ зэхэтащ. Абеджым тепсэлъыхьащ Крайком ВКП(б)-м и XIV рей пленумым ищIа решенэхэм лэжьыгъэ къехьэлIэжыным щхьэкIэ. Комбайнерхэм, штурвальхэм, трактористхэм лэжьыгъэ нэхъыбэ къехьэлIэжыныр я пщэм илъщ, колхозхэтхэм гугъу ехьуэ лэжьам фIагъыр хэлъу къыхьэлIэжынуэ.

Крайкомым и решением жиIэ псорикI гурыIуэгъуэщ. Узэрылэжьэн хуейр решением фронтым хуэдущ, мероприятия псорикI гъэзэщIауэ, абы къызэригъэлъагъуэм теухуауэ икIи лэжьыгъэщIэр и зэманым ирихьылIэу фронтым, промышленнэ городхэм нагъэсынуэ, колхозхэм я амбархэм ираъылIэжынуэ.

Комбайнерхэмрэ трактористхэмрэ соцзэхьэзэхуэ зэдащIащ лэжьыгъэ къехьэлIэжынымкIэ. Узэмыхьэзэхуэу Iуэху лъэIкъ зэрымыхъунур хэтикI ещIэр. Абы щхьэкIэ хэтикI объязательствэ къещтэр. Хьэбэз МТС-м и лэжьакIуэхэр ехьэ-ехуэну Кировскэ МТС-р къыраджэр.

Соцзэхьэзэхуэныгъэр ятха яужь комбайнэрхэр яужь ихьэн хуейщ участкэ къыратахэм комбайнхэр здырашэлIэну шIыпIэхэр зэрагъэхьэзырынум.

Хьэбэз комбайнэр зэгъэпэщауэ щытынущ хьэуазэ зэтелъхьэхэмкIэ, уа лэжьыгъэхэр къагъэтэдджыныгъэмкIэ, запасной частхэмкIэ, нафIэс къахъумэ зэрагъэувынкIыжыну IэмэпсымэхэмкIэ.

Лэжьыгъэ зэщIэкъуэжыным щIадзэнущ щIыпIэ нэхъ здэхъуахэр къырахьылIэжу, адрей куэд мыхъуахэм ежьэу щымысхэу. Лэжьыгъэхэр комбайным фIыуэ иIуэн хуейщ щхьэмыжым и пIкъы къыдэмыкIуэу.

Хьэбэз МТС-м и тракт ристхэмрэ комбайнерхэмрэ къагъэгугъэр машинэм фIыуэ лэлъыплъынхэу, ремонт ящIынхэу, къутэныгъэмрэ щытыныгъэмрэ къыхамыгъэхуэнуэ. Горючэу процентi—10 икIэ къимыхуэу къырагъэлын хуейщ, комбайныр здэкIуэм щхьэмыж зыпыт лэжьыгъэхэр къыщIахынуэ.

Комбайнерхэм а мероприятия псорикI ягъэзащIэкIэрэ, къагъэгугъэр „Сталинец" комбайнымкIэ гектар 500 икIэ къимыхуэу къырахьэлIэжынуэ, „КоммунарымкIэ"—гектар 400 икIи абыкIэрэ щхьэмыж зыпыт лэжьыгъэхэр махуэ лэжьэгъуэ 13-кIэ къырахьэлIэжынхэу.

ВКП(б)-м и уставымрэ программэмрэ коммунистхэм яджхэр

Хьэбэз районым щыщ Али-Бердыкъуэ къуажэм дэт первичнэ партийнэ организацием къыугъэеящ кружок ВКП(б) м и уставымрэ программэмрэ ирагъэщIэныгъэмкIэ. Кружокым коммунист псорикI къо кIуалIэхэр икIи вопрос нэхъ къагурымыIуэхэр ягъэщыпIкъэхэр. Абхуэду фIыуэ зырагъащIэхэр къуажэм дэс коммунист щIалэхэм.

ВКП(б)-м и уставымрэ программэмрэ яджа нэужь коммунистхэм яджынухэщ И. В. Сталин итха книгэ „Отечественнэ зэуэшхуэ"—жыхуиIэр.

Кружокым деж къекIуалIэ коммунистхэм дуней зэуэшхуэм теухуауэ къагурымыIуэ вопросхэр нэхъ тэрэзу зырагъащIэхэр.

Коммунистхэм ехъулIэныгъэ хэлъу ирагъэкIуэкIыр ВКП(б) м и уставымрэ программэмрэ джыныгъэр Хьэбэз районым и къуажэ нэмыщIхэмикI.

КРАСНЭ УГОЛОКХЭР ФIЫУЭ МЭЛАЖЬЭХЭР

Хьэбэз. Мы къуажэм дэт „Пятилетка в 4 года" колхозымрэ Киров ицIэкIэ зэхэт колхозымрэ я бригадэхэм деж краснэ уголок щыIэхэр фIыуэ мэлажьэхэр. Абыхэм агит-коллективым и руководитель тов. Жуков тэрэзуэ увафэ яхуещIыр икIи зэрылэжьэну план хэр яхуегъэувыр.

Бригадэм и колхозхэтхэм деж махуэ къэсыхункIэ газетхэм къаходжэхэр икIи нэIуасэ хуащIхэр хамэ къэралхэм щыIэ хъыбархэм.

Лэжьыгъэ къехьэлIэжыным хуэхьэзырхэщ

Хьэбэз район. Мы районым и кIуапIкIэ лэжьыгъэ къехьэлIэжыным хуабжьу зыхуагъэхьэзырхэр. Колхозхэу „Красный Жако", Орджоникидзе, Киров, Тимошенко зи цIэхэм зыхуагъэхьэзырагъэхэщ лэжьыгъэ бэвыр къызэрырахьылIэжынум. Абыхэм иджы лэжьыгъэхэр здагъэгъущ щIыпIэхэр ягъэкъабзэхэр.

Абы хуэдэ къабзу государствэм лэжьыгъэ зэрашэну гухэр хьэзыр къинэмыщI Iэмэпсымэхэрикl ящIхэр.

С. Добагов.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Июным и 25-м и оперативнэ сводкэ

Июным и 25-р екIуэкIыхункIэ город ВИТЕБСК и къухьэпIаIуэкIэ ди дзэхэм ехъулIэныгъэ хэлъу наступлением зырагъэубгъукIэрэ, ЗАПАДНАЯ ДВИНА псым зэпырыкIахэщ фронтым километрэ 30-рэ икIыхьэгъыу икIи зауэкIэ къащтахэщ къуажэ 150-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ ПОДОРЫ КОМАЧИНО, НАДЕЖИНО, ПОРЕЧЬЕ, ПЯТИГОРСК, СЕНЬКОВЩИНА, ВОРХОВКА, КОРОЛИНО, ШАРЫЛИНО, НОВЫЕ СОННАКИ, ВЯЖИЩЕ, ЗАДОРОЖЬЕ, ТЕРЕБЕТОВКА, СТАРОЕ СЕЛО, КОВАЛЬКИ, ЩЕРБАКИ, ВАСКОВИЧИ, гъущIгъуэгу станцхэу СТАРОЕ СЕЛО, ЛАСВИДА, БЕШЕНКОВИЧИ и къуэкIыпIаIуэкIэ шоссейнэ гъуэгу ВИТЕБСК-ЛЕПЕЛЬ зэпаупщIащ.

город ВИТЕБСК и ипщэ лъэныкъуэмкIэ ди дзэхэм, ехъулIэныгъэ хэлъу наступление ирагъэкIуэкIкIэрэ, къащтащ ВИТЕБСКЭ областым и районнэ центрхэу город СЕННО, городу икIи гъущIгъуэгу станцышхуэу БОГУШЕВСК, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтахэщ нэмыщI къажэ 300-м щIигъу, абыхэм ящышхэу БАТРАКИ, БИЛЕВО-НОВОСОКОЛЬНИКИ, ПОДБЕРЕЗЬЕ, ПРУДНИКИ, УЗВАРЦЫ, РУДАКОВСКИЕ, КАНЫШИ, НОВОСЕЛКИ, ГНЕЗДИЛОВИЧИ, ДУБРОВА, БЕРЕШОВО, КАРПОВИЧИ НЕРЕЙША, ЯНОВО, МОГИЛЕВКА, гъущIгъуэгу станц КРЕСТЬЯНКА. ВИТЕБСК и ипщэ лъэныкъуэмкIэ наступать зыщI дзэхэм, зэпаупщIащ ВИТЕБСК-ЛЕПЕЛЬ шоссейнэ гъуэгур, ГНЕЗДИЛОВИЧИ районым деж ВИТЕБСК и ищхъэраIуэкIэ наступать зышI дзэхэр зэхыхьахэщ.

АбыкIэрэ, ВИТЕБСК районым деж ди дзэхэм къаухъурейихьащ немецкэ пехотнэ дивизитху иту группировкэ.

Ди дзэхэр город ВИТЕБСК дыхьахэщ икIи урам зауэ щырагъэкIуэкIыр.

ОРШАНСКЭ направлением деж дзэхэм, наступлением зырагъэбгъукIэрэ, зауэкIэ къащтахэщ къуажэ 40-м щIигъу, абыхэм ящыщхэу БАБИНОВИЧИ ИВАНЬКОВО, ЗАОЗЕРЬЕ.БОЛЬШАЯ и МАЛАЯ БАБИНА, ОРХИ-ВИДРИЩА, СТУПАКЕ, ГОЛЯШИ, МОРДАШЕВИЧИ, ТЕСЛИН, гъущIгъуэгу станцу ХЛЮСТИНО (ОРША километрэ 14-кIэ и ипщхъэрэ-къуэкIыпIаIуэщ).

МАГИЛЕВСКЭ направлением деж ди дзэхэм, ехъулIэныгъэ хэлъу наступлением зырагъэубгъукIэрэ, къащтащ МОГИЛЕВСКЭ областым и районнэ центрүэ город ЧАУСЫ, абы хуэдэ къабзу къащтащ нэмыщI къуажи 150 м щIигъу, абыхэм ящыщу къуажашхуэхэр УГЛЫ, ЖДАНОВИЧИ, БОЛЬШОЕ и МАЛОЕ БУШКОВО, КИРКОРЫ, СУХАРИ-ВАСЬКОВИЧИ, ТЕМРИВИЧИ, БОРДИНИЧИ, ЗАРЕЧЬЕ.

1 рей БЕЛОРУССКЭ фронтым и дзэхэм, Жлобин и ипщэ-къухьэпIаIуэ районым икIхэу наступление яхуэкIуэхэкIэрэ, артиллериямрэ авиациямрэ я удын хуабжьыр къыдаIыгъкIэрэ Бабруйскэ направлениер щIэзыхъуму щыта немецхэм я оборонэр зэпхатхъащ фронтым и участкэхэм километрэ 35-рэ икIыхьэгъыу икIи наступательнэ зауэ махуитIым и кIуэцIкIэ ирагъэкIуэкIам, ипэкIэ кIуэтахэщ километрэ 30-м нэс, фронтым и пхытхъыныгъэр километрэ 80-м носыр. А зэманым ирихьэлIу город РОГАЧЕВ и ищхъэраIуэкIэ фронтым и дзэхэр ДРУТЬ псым зэпырыкIахэщ икIи зэпхатхъащ икъукIэ гъэбыдауэ щыт икум ихьэ эшелонированнэ бийм и оборонэр, фронтым километрэ 30-рэ икIыхьэгъыу, икумкIэ километрэ 12-м нэсу. Фронтым и дзэхэм наступление ирагъэкIуэкIам къыхэкIкIэ, хуит къащIы кахэщ къуажи 100-м щIигъу, абыхэм ящыщхэу СТАНКИ, ДУБЦЫ, РЕКТА, (РОГАЧЕВ километрэ 23 кIэ и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэщ), ОЗЕРАНЕ, ДЯДОВЩИНА, БОЛЬШАЯ КОНОПЛИЦА, ЕРИЧЕВ, ЗАПОЛЬЕ, КНЫШЕВИЧИ (ПАРИЧИ километри 8-кIэ и ипщэ-къэкIыпIаIуэщ), КУМАРОВКА, ЗАБОЛОТЬЕ, КОЧИЦЫ, ПЕРВЫЕ, БАРАНИЙ РОГ, КРУКИ, ЧЕРНЫЕ БРОДИ, ПОТАСЫ, МОИСЕЕВКА, ПРОСМИЦЕ, ГРАБЬЕ, МУШИЧИ, гъущIгъуэгу станцу МОШНА.

Абы къыхэкIкIэ, ди дзэхэм зэпаупщIащ БОБРУЙСК-ЛУНИНЕЦ гъущгъуэгур.

ОНЕЖСКЭ, ЛАДОЖСКЭ гуэлхэм я зэхуакухэм деж ди дзэхэм, бийм и зигъэнэныгъэхэр, инженернэ заграждениехэр зэпащIкIэрэ, мэз гъуэгухэм деж наступление щирагъэкIуэкIащ, зауэкIэ къащтахэщ къуажэхэу ТАШКЕНИЦЫ, УСТЬЕ, РЕЧНАЯ, СЕЛЬГА, САМБАТУКСА, ПИПИЛИЩА, САРМЯГИ, ОБЖЯ.

ОНЕЖСКЭ ГУЭЛЫМ и ищэхъраIуэкIэ ди дзэхэр ОСТЕР, КУМАС псыхэм зэпырыкIахэщ, МЕДВЕЖЬЕГОРСК и ипщэ, къухьэпIэ лъэныкъуэхэмкIэ кIуэтахэщ милометрэ 15-м нэс, къащтащ къуажэхэу ШАРБАРЫ, ПАДУН, гъущIгъуэгу станцхэу МЕДВЕЖЬЕГОРСКИЙ, ПЕРЕГУБ (Мурманскэ гъущIгъуэгум деж).

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Июным и 24-р екIуэкIыхункIэ фронтхэм деж немецкэ танкхэу 44-рэ зэхакъутахэщ. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитаэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 48-рэ къыраудыхащ.

Полоцк гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэмрэ Оболь станцымрэ ди авиацияр теуэныгъэмкIэ

Ди жыжьэ лъатэ авиацияр Полоцк гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэмрэ Оболь станцымрэ теуахэщ.

Полоцк гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм щытеуэм щыгъуэ эшелонхэм дзэхэр ярысу, зауэ хьэпшыпхэр ярылъу тетащ. Ди летчикхэм осветительнэ бомбэхэр ирадзыхкIэрэ, гъущIгъуэгу составхэм, складхэм, со оруженияхэм бомбэкIэ еуахэщ. Товарнэ станцым деж нафIэсипщI къэхъуащ, абыхэм ящыщу 3-р нэхъ ин дыдэу. НафIэм зэщIищтащ эшелон заулхэр, станционнэ псэупIэхэр. ГъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ къэуэжыныгъэшхуэ щIэту нафIэсхэр къэхъуащ.

Оболь гъущIгъуэгу станцым деж ди авиацияр хуабжьу зэрытеуам къыхэкIкIэ, зэхакъутащ гъущIгъуэгу эшалон заулхэр. Станцым и щIым деж нафIэсышхуэхэр къыщыхъущ къэуэжыныгъэшхуэхэр ящIэту.

Июным и 26-м и оперативнэ сводкэ

1-рей ПРИБАЛТИЙСКЭ, 3-рей БЕЛОРУССКЭ фронтхэм я дзэхэм ВИТЕБСКЭ районым деж бийм и дзэ къаухъуреихьахэр зэтраукIэныгъэмкIэ зауэ ирагъэкIуэкIащ, къаухъуреихьа кольцор якъузкIэрэ, ебгъэрыкIуэхэри къащтащ Белоруссиям и областной центр—город ВИТЕБСК—мыхьэнэшхуэ зиIэ стратегическэ зэхыхьэпIэу западнэ направлением немецхэм я оборонэм щыщыр.

Город ВИТЕБСК и къухьэпIаIуэкIэ икIи и ипщэ-къухьэпIаIуэкIэ ди дзэхэм ехъулIэны гъэ хэлъу наступление ирагъэкIуэкIкIэрэ, къащтащ Витебскэ областым и районнэ центр город БЕШЕНКОВИЧИ икIи къащтащ нэмыщI къуажэ 700-м щIигъу, абыхэм ящыщхэу город УЛЛА, къаужэщхуэхэу ОБОЛЬ ПОЧЕЙКОВО, КАМЕНЬЩИНА, АЛЕКСИНИЧИ, ЧЕРЕЯ, гъущIгъуэгу станцхэу КНЯЖНИЦА, Оболь (ВИТЕБСК-ПОЛОЦК гъущIгъуэгум деж).

1-рей БЕЛОРССКЭ фронтым и дзэхэм, наступлениём зырагъэубгъукIэрэ, къащтащ город икIи гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэ ЖЛОБИН—БАБРУЙСКЭ направлением деж немецхэм я оборонэм и щIэгъэкъуэн мыхьэнэшхуэ зиIэр, абы хуэдэ къабзу къащтащ нэмыщI къуажэ 120-м щIигъу, абыхэм ящышхэу Полесскэ областым и районнэ центр город ПАРИЧИ, къуажэшхуэхэу ОСОВНИК, БОЛЬШАЯ и МАЛАЯ КУШИНОВКА, ФАЛЕВИЧИ, КОШАРЫ, ЗАБОЛОТЬЕ, СОЛОНОЕ, МОРМАЕВ, ЗДУДИЧИ, КОЗЛОВКА, БРОЖА, РАТЛИРОВИЧИ, ОЗЕМЛЯ, ЛОМОНОВИЧИ, гъущIгъуэгу станцхэу ЖЛОБИН-ПОДОЛЬСКАЯ, МОРМАЛЬ, БРОЖА, РАТМИРОВИЧИ.

ОНЕЖСКЭ, ЛАДОЖСКЭ гуэлхэм я зэхуакухэм деж ди дзэхэм къащтащ Карело-Финскэ ССР-м и районнэ центр город ОЛОНЕЦ, зауэкIэ къащтащ нэмыщI къуажэ 40-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ КАЬПОВКА, ЗИНИКОВО, КУШТАТИ, НАУМЦА, СУДАЛИЦА, ЮКТИЛИ, КОТЧУЕЛА.

ФИНСКЭ заливым деж ди дзэхэм бийм къанэ щымыIэу къыIэщIагъэкIыжащ островхэу КОИВИСТО, ТИУРИН-САРИ.

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Июным и 25-р екIуэкIыхункIэ ди дзэхэм фронт псом дежхэм зэхакъутахэщ немецкэ танк 28. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 29 къыраудыхащ.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Июным и 27-м и оперативнэ сводкэ

Город ВИТЕБСК и ипщэ-къухьэпIаIуэкIэ ди дзэхэм къаухъуреихьауэ щыта бийм и группировкэ пехотнэ 4-рей, 197-рей, 206 рей, 246-рей, 6 авиополевой дывизхэу зэтраукIахэщ. Къаухъуреихьа бийм и дзэхэм хуабжьу зигъэнэныгъэхэр къащIкIэрэ и нэхъыбащIэр зэтраукIахэщ ди дзэхэм, абдежым зауэ здекIуэкIа гъубгъуэм и хьэдэ мин 20-м щIигъу къыринащ. Бийм и дзэ зэхаукIахэм къыщIэнам советскэ командованиям и ультиматумыр ищтащ, зигъэнэныгъэхэр щагъэтахэщ икIи я Iэщэхэр ягъэтIылъахэщ. Бжыгъэ нэхъапэ къатахэмкIэ, плену къащтащ бийм и солдат, офицерыи мини 10-м щIигъу.

3-рей БЕЛОРУССКЭ фронтым и дзэхэм, наступлением зырагъэубгъукIэрэ, июным и 27-м къащтащ город икIи мыхьэнэшхуэ зиIэ оперативнэ гъущIгъуэгу зэхуихьэпIэ ОРША.

МИНСКЭ направлением деж ди дзэхэм, ехъулIэныгъэ хэлъу наступление ирагъэкIуэкIкIэрэ, зауэкIэ къащтащ къуажэ 350-м щIигъу, абыхэм ящыщу къуажэшхуэхэу РИДОМЛЯ, РАВЕТИЧИ, БУШМИН, МАЛОЕ ГАЛЬЦЕВО, ВОЛОСОВО, КЛУБИНИЧИ, ЗАБОРЫ, ОБЧУГА, БОБР, гъущIгъуэгу ставц БОБР.

МОГИЛЕВСКЭ направлением деж ди дзэхэм, бийр яхукIэрэ, ДНЕПР псым и ижьырабгъу щIыпIэ псоми зэпырыкIахэщ ОРША, МОГИЛЕВ, БЫХОВ участкэхэм деж, зауэкIэ къыщтащ къуажэ 300-м щIигъу, абыхэм ящыщу къуажэшхуэхэу ЗУБОВА, КОПЫСТЬ, НИКИТИЧИ, РЖАВЦЫ, ЗАРЕЧЬЕ, ЛУПОЛОВО, СИДОРОВИЧИ, СМЕДЮКИ, гъущIгъуэгу станцхэу ЗУБРЫ, ДАРЫ, ЛУПОЛОВО. Ди дзэхэр ДНЕПР псым и ищхъэраIуэкIэ, город ищаIуэм МОГИЛЕВ деж, ОРША-МОГИЛЕВ гъущIгъуэгур зэпаупщIащ икIи город МОГИЛЕВ деж урах зауэхэр щырагъэкIуэкIхэр.

БОБРУЙСКЭ направлением деж ди дзэхэм, БОБРУЙСКЭ и ипщаIуэкIэ, и къуэкIыпIаIуэкIэ ехъулIэныгъэ хэлъу удын хуабжь ирахащ икIи абыкIэрэ бийм и пехотнэ дывизитху иту группировкэ къаухъуреихьащ город БОБРУЙСК районым и ипщэ-къуэкIыпIаIуэкIэ. Наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIкIэрэ, ди дзэхэм къащтащ. Полесскэ областым и районнэ центрхэу город ГЛУСК, КАРПИЛОВКА, абы хуэдэ къабзу къащтащ нэмыщI къуажэ 600-м щIигъу, абыхэм ящыщхэу къуажэшхуэхэр ГОРОДЕЦ, ПАЦОВА СЛОБОДА, ПОДРЕЧЬЕ, ТИТОВКА, ДВОРЯНИНОВИЧИ, БИРЧА, ЩЕДРИН, ПЕКОЛИЧИ, ВАСИЛЕВКА, ЛАНЫ (БАБРУЙСК километри 5-кIэ и ипщаIуэщ), ВЕРЕЗОВИЧИ, СУЧКОВО, БАРАНОВИЧИ, ГЛУША, ЖАЛВИНЕЦ, БАЛАШЕВИЧИ, ЗУБАРЕВИЧИ, КОЛКИ, гъущIгъуэгу станцхэу ЗАЛЕСЬЕ, РАБКОР, МИРАЧИНО. Ди дзэхэм гъущIгъуэгу, шоссейнэ гъуэгу БАБРУЙСК-МИНСК зэпаупщIахэщ, ди дзэхэр город БАБРУЙСК бгъэдыхьэпахэщ икIи городыбгъухэм зауэу щIадзахэщ.

ОНЕЖСКЭ, ЛАДОЖСКЭ гуэлхэм я зэхуакухэм деж ди дзэхэр зауэурэ ипэкIэ кIуэтахэщ икIи къащтщ Карело Финскэ ССР-м и районнэ центр ШЕЛТОЗЕРО, абы хуэдэ къабзу къащтащ нэмыщI къуажэ 30-м щIигъу РОСТАНЕЦ, ЛАДВА, РАЗМЕГА, ЧИЛИМОЗЕРО, УЛВАНЫ, НУРМАЛИЩА, РАБОЛА, гъущIгъуэгу станцхэу ТОКАРИ, РЕВЕСЕЛЬГА, ПАЙ, ТАРЖЕПОЛЬ ЛАДВА.

ЛЕПЕЛЬСКЭ направлением деж ди дзэхэр зауэурэ ипэкIэ кIуэтахэщ икIи къащтащ Витебскэ областым и районнэ центр город ЧАШНИКИ, абы хуэдэ къабзу къащтащ нэмыщI къуажэ 200-м щIигъу, абыхэм ящыщхэу къуажэшхуэхэу УСВЕЯ, УСАЯ ХОТИНО, БАТУКОЛОВО, КАМЕНЬ, МЕДВЕЦК, КАЗАНОВКА, ЛУКОМЛЬ, ЛИСИЧИНО, гъущIгъуэгу станцхэу ВЯТНЫ, ЧАШНИКИ.

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Июным и 26-м и кIуэцIкIэ ди дзэхэм фронт псом дежхэм зэхакъутахэщ немецкэ танк 38. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 34 къыраудыхащ.

ГъущIгъуэгу зэхыхьэпIэ Осиповичи, Полоцк, гъущIгъуэгу станцхэу Борисов, Янув, Ловча, Луненец, Пинск ди авиацияр ятеуэныгъэмкIэ

Июным и 27-м и жэщым ди жыжьэ лъатэ авиацияр гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэхэу Осиповичи, Полоцк, гъущIгъуэгу станцхэу Борисов, Янув, Пинск, Ловча, Лунинец тэуахэщ.

Осиповичи гъущIгъуэгум ди авиацияр щытеуэм щыгъуэ, гъущIгъуэгум эшелон куэд етэщ бийм и дзэхэр ярысу, боеприпасхэр, нэмыщI техникэхэрикI ярылъу. Бийм и эшелонхэм бомбэкIэ еуэкIэрэ, нафIэс 20-м нэс къэхъуащ. ГъущIгъуэгу эшэлонхэр, бийм и военнэ складхэр сахэщ. НафIэс къэхъуам 18-м къэуэ къэныгъэшхуэ щIэтащ.

Полоцк гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм щытеуэм щыгъуэ, нафIэси 7-м нэс къэхъуащ. Немецхэм я складхэр, гъущгъуэгу эшелонхэр сахэщ. Къэуэжыныгъэшхуищ къэхъуащ, абыхэм ящыщ зыр нэхъ ин дыдэу.

Борисов гъущIгъуэгу станцым бомбэкIэ щытеуэм щыгъуэ нафIэси 8 къэхъуащ, ауэ гъущIгъуэгу станцхэу Лунинец, Ловча, Пинск, Янув щытеуэм нафIэс 15 къэхъуащ. Ди летчикхэм IэщIу ялъэгъуащ гъущIгъуэгу эшелонхэр зэрысхэр, къэуэжыныгъэшхуэ щIэту.

Г. ТУРЧАНИНОВ

И народымрэ и хэкумрэ фIыуэ зылъагъуж

Шорэ Бекмурзович Ногмовыр зэрылIэрэ илъэси 100 щырикъум теухуауэ

ЩIэныгъэр, культурэр, нэхуныгъэр хэзыгъахъуэу щыта Шорэ Нэгумэ дэ зыбжанэ къытхуигъэнащ абы гурылъу иIам, абы езым и народымрэ и хэкумрэ фIылъагъуныгъэ гурылъу хуиIахэм дытепсэлъыхьын папщIэкIэ.

Урыс обществэм, абы и зэманым псэуа цIыхухэм я лIыкIуэхэм яхэлъа щIэныгъэ пэрытым нэсу зыкъэзыIэтыфа Шорэ Нэгумэ гу лъимытэнкIэ хъуакъым абы и адэхэм я щIым бэлыхьу телъа кIыфIыгъэмрэ щIэныгъэншагъэмрэ. Езым и зэманым щыIа народым и акъыл пэрыту щытам, япэкIэ жыжьэу плъэуэ щытам фIыуэ къыгурыIуауэ щытащ „Я гъащIэ псом бгы жьэгъущIэсхэм бэлыхь тезыгъэлъ зэраныгъэ нэхъыщхьэу щытар —ахэр къыкIэрыхуауэ, щIэныгъэ яхэмылъу щытыныгъэрщ. А зэраныгъэр гъэкIуэдыныгъэрщ, зыубгъуауэ цIыхубэм щIэныгъэ яхэлъхьэныгъэ къудейрщ бгы жьэгъущIэсхэр лIэныгъэм къезыгъэлынкIэ хъунур, щIэныгъэ нэхъ лъагэм ахэр езыщэлIэнкIэ хъунур". (И. Сталин).

Къанэ щымыIэу ди зэманым къезэгъыу, къэхъуну зэманым и щIэблэ щIалэгъуалэхэм захуигъазэри абы мы псалъэ гуапэхэр къыжиIащ: „Сэ си лэжьыгъэм щыщIэдзэм си гум илъ фIэщ хъуныгъэм сэ къызжиIэрт бгы жьэгъущIэс гурбияным гъащIэр зыгъэфIэрафIэ гъуэзэджэр, нэхугъэр игу къыщыридзэну, абы щIэныгъэр фIыуэ илъагъуу щыхъуну зэманыр къэсыну. Дэ псоми щIэныгъэм, тхылъым, тхыгъэм зыщеттыну сыхьэтыр дэр папщIэкIэ къэсынщ. Мис а зэман дыдэрщ илъэс куэдкIэ сызэлэжьа мы лэжьыгъэр сэ щIызэхэслъхьар. Ар ящыгъупщэнкIи, хэбгъэзыхьпэ абы нэмыплъ иратынкIи хъунщ, ауэ зы зэман гуэрым еджакIуэ щIэблэшIэм фIыщIэ хуищIу ар игу къигъэкIыжынщ. Си гум илъыр нэхъ зэхэщIыкIыгъуэу къыжысIэн папщIэкIэ сэ сигурылъу илъэс 30 си-ныбжьу урысыбзэр зджынымкIэ къарурэ тегушхуэныгъэрэ къысхэзылъхьам сэ къызжиIэрт а насыпIыфIэ зэманыр къэсыным куэд имыIэжу. ЩIэныгъэ зыхэлъ цIыхухэм къыбгъэдэзыш псори лъэныкъуэ иригъэзу си Хэкум фIыгъэмрэ щIэныгъэмрэ зыщыритыну дакъикъэ IэфIым нэсыху сэ сымыпсэункIи ар сымылъагъункIи хъунщ.

О! А дакъикъэр слъагъум сыту гуфIэгъуэ куэд си псэм и нэгу щIэкIынт!

Езым и народым зэрызиужьыну гъуэгур зылъагъуфынкIэ хъуар щIэныгъэшхуэрэ акъылышхуэрэ зиIэ цIыхурщ. А акъылышхуэм абы амал къыритащ а зэман гугъур зэхэщIыкIынымкIэ. Къэбэрдей народым щIэныгъэкIи, IэзагъкIи зиужьынкIэ щыхъунур урыс народ иным пыщIауэ щытым, абы и культурэм епхауэ щыт къудейм ару зэрыщытымкIэ.

Муслъымэнхэм я телъхьэу дин щIэкъухэм акъылымрэ щIэныгъэмрэ зэрызырамыгъэужьынур Шорэ Нэгумэ щIалэ дыдэу илъэгъуащ. Тхыгъэмрэ щIэныгъэмрэ яхэлъхьэныгъэм япэ дыдэу егупщысу щIэзыдзар Шорэ Нэгумэщ. ЩIэныгъэншагъэм и кIыфIыгъэм народыр хэбампIыхьырт.

„Си гум къыщIитхъыу зызумысыжын хуейщ, — итхащ Шорэ Нэгумэ,—сэ къыздалъхуауэ си хэку исхэм иджыри къэс тхылъыбзэ ямыIэныгъэ къудейм къыщымынэу, атIэ щIэныгъэ лъэпкъи абыхэм зэрамыIэмкIэ".

Лъэпкъ щIэныгъэр кIуэдыжыпIэ гъуэгум теувауэ щытащ. Муслъымэн диныр къыщащтам щыгъуэ джэгуакIуэхэр, уэрэд жыIэкIуэхэр кIуэдыжахэщ.., ауэ таурыхъыжьхэм къыжаIэжыр ахэр фIыуэ ялIагъуу щытауэ,—„Адыгэ народым и историем" щетхыр абы.

„Иджыри зы тхылъ къом къэнагъэнкIи хъунщ, ауэ муслъымэн дин щIэкъухэм ахэр ягъэшынэри а тхылъхэр ирагъэгъэпщкIур„—ардыдэм къыщыжеIэр абы.

Шорэ езым и народыр фIыуэ илъагъукIэрэ фIылъагъуныгъэ хуиIащ абы и лъэпкъым хэлъ културэм, абы и уэрэдхэмрэ и таурыхъхэмрэ. Абыхэм хэлъхэщ народым ижькIэ и къекIуэкIыкIахэр, абыхэм народым хилъхьащ и псэр, и гуфIэгъуэхэмрэ игу къеуэхэмрэ, абыхэм халъхьащ Iущыгъэу яхэлъа псори. Уэрэд жыIэкIуэхэм я дэщIыгъуу кIуэдыж таурыхъхэр Шорэ итхыу щIидзащ. А зэманым абы зэхилъхьащ Iуэхугъуэ гъуэзэджэ.

АдыгэбзэкIэ, тхауэ, урысыбзэкIи зэдзэкIауэ абы зэхуихьэса уэрэдхэмрэ таурыхъхэмрэ гъуэзэджэу къагъэлъагъуэр абы езым и народымрэ и хэкумрэ фIылъагъуныгъэу хуиIэу щытар. Мис Жанхъуэт пщыхэу езыр-езырхэу зэны къуэкъужхэм народым и макъкIэ ар зэрыхуэхъуэщIэ зы уэрэд:

„Гуауэ диIэщ дэ! Пщыхэу Къазирэ Щолэхъурэ Iэщэ къащтэу зэзауэжыну хьэзырхэщ. Абы щыгъуэ дэ къытщыщIынур сыт? Народым насыпыншагъэ мыхъу нэгъуэщI къыхуэзымыхьхэм я зэзауэныгъэм кIэ игъуэтыну? Псалъэ быдэр икъутэу зэран щIакIуэ пщыхэм гуауэ яугъуэт! Абыхэм яхъумапхъэт народ тхьэмыщкIэр„.

Народым яхэлъ уэрэдхэр и щIэгъэкъуэнурэ, таурыхъхэм ижькIэ къэхъуа Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщхэр щигъэувурэ, ахэр зэрызэкIэлъыкIуэкIэ игъэувурэ Нэгумэ Шорэ зэхилъхьащ езым и народым и историер. Абы патриотыгъэ зэрыхэлъыр а тхылъыщIэм къыгъэлъагъуащ. Абы акъыл куэд халът, абы езым и народымрэ езым и хэкумрэ, езым ипэкIэ щыIа цIыху гъуэзэджэхэм я фэеплъхэр фIыуэ илъагъуу зэрыщытар щыхьэт къытехъуэу.

ИкъукIэ и гум къеуэу Ногумэ Шорэ къыжеIэр:

„Пщыхэр зэныкъуэкъуныгъэр куэдкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуащ хамэщI къикIа бийхэм ехъулIэныгъэ яIэныгъэм. Я хэкум къулайсызыгъэ яIэныгъэр къэзыхьу щытар езы пщыхэрщ, мылъку яIэныгъэм папщкIэ зэныкъуэкъуныгъэр зэикI зэпыуакъым. Ирикъун къару езыхэм я щIыналъэм щамыгъуэту абыхэм къыраджэри къашэрт хамэ лъэпкъхэр икIи законкIэ мылъку яIэн хуейуэ къалъыхъу хуэдэу фэ зытарагъауэхэурэ, нэгъуэщI лъэпкъхэм зэхадыгъуэну езыхэм я щIхэр иратхэрт".

Абы къыдэкIуэу сыт хуэдэ гуфIэгъуэ хэлъу абы къыжиIэрэ езыр щалъхуа и щIым хамэщI къикIахэр зэрырахужар. Ар абы къыжеIэр езыр щIыныгъэ псалъэжьи къыхэту: "Жамбек хъан къызэрихьэрэ илъэс Iэджэ щIащ, ауэ хамэщI къикIыу залымыгъэкIэ я щIым къитIысхьахэм къэбэрдейхэр гузагъэныгъэ яхэлъу еплъыкIэ хъуакъым. ИкIэм икIэжым къэбэрдейхэр гупышхуэу зэхуэсхэри жэщу абыхэм ятеуащ, и ныкъуэхэр зэтраукIащ, и ныкъуэхэри плену къащтащ, адрейхэр ДонкIэ яхужащ. Абы лъандэрэ къэгъуэгурыкIуэу щытщ татар псалъэжь: „Бгыжьэгъу щIэсым гужьеиныгъэрэ гъулайсызыгъэрэ къытхуихьащ".

Езым и лъэпкъым иригуэхуэжыныгъэ Ногумэ Шорэ иху хэлъащ. Ар къагъэлъагъуэр мы къэкIуэнухэм:

"Адыгэбзэм, е нэхъ зэхъщIыкIыгъуэу жыпIэм, къэбэрдейбзэм,—гушхуэныгъэ хэлъу къыжеIэр абы, — фIыдыдэу икIи гурыIуэныгъэ къулайгъэкIи и формэкIи пэрыту щыту щIыхь къыщыхуащIыр зэмылIэужьыгъуэ бзэхэу Кавказым ис народ цIыху лъэпкъхэм яIэм и кIуэцIкIэ". Адыгэ гъуэзэджэр бгъэкъуаншэ хъунт езым и бзэм пщIэ лей хуищIу, езым и бзэм фIылъагъуныгъэ хуиIэныгъэ къудейм хущIэкъуу ар зэрыщымытар дэ дымыщIэу щытатэмэ.

„Сэ си мурадым сыхуэкIуэ хъунущ си хэку шалъхуэхэм адыгэбзэмрэ Урысыбзэмрэ яджу щIадзэмэ... икIи абы хуэдэу бзэр джынымкIэ абы хуэдиз лъэкIыныгъэр зиIэ урысхэм ди бзэм гулъытэ хуащIу щытым, европейцхэм ямылъэхуу, ауэ къулайуэ икIи ижькIэ къэхъуауэ щыт бзэм, филологиемрэ историемрэ папщIэкIэ куэд къызыхэпх хъуну къулайуэ щытым".—абы хуэдэу грамматикэм и пэщIэдзэ псалъэхэм щитхащ 1840 гъэм.

(Къэбэрдей АССР-м къыщыдэкI „Къэбэрдей Пэж" газетым къытхыкIащ КъыкIэлъыкIуэну да газетым и № еплъ)

ЗУ 00217 Редакцым и адресыр г. Черкесск, Дом Советов, комната № 54

Черкесскэ областым и государственнэ типография.

За ответ. редактор Агиров.